


OU KAPAB RAPÒTE SITIYASYON FWOD OU SISPÈK YO DIRÈKTEMAN NAN BIWO SEKSYON KI LOKALIZE NAN REJYON SA YO.



Pou wè adrès postal biwo Divizyon an, tanpri vizite www.MyFloridaCFO.com/Division/DIFS/Offices/default.htm

BIWO FWOD ASIRANS
 KONSÈY ASIRANS POU KLIYAN YO

FÈ ATANSYON

- Lè w ap achte nan men yon ajan maketing ki vin frape nan pòt ou oswa siyen fòm reklamasyon asirans ki blanch.
- Lè w resevwa yon koutfil aprè yon aksidan. Li kapab se yon tantativ fwod.
- Si gen yon lavant asirans vi ki parèt nan moman pa gen okenn bezwen pou chanje asirans lan, tankou yon maryaj, yon nouvo bebe oswa yon chanjman sanblab nan lavi w.
- Si gen yon ajan ki ofri w pou w chanje ansyen asirans vi an, ki gen yon montan ki gen yon gwo valè kach, avèk youn ki "pi bon". Revize ak anpil atansyon tablo ak prim lan, avantaj ak restriksyon yo, pa egzanp, kondisyon ki ekziste deja yo.

TOUJOU

- Resevwa politik asirans lan alekri nan 60 jou aprè w te fin peye premye prim lan.
- Konpare pri yo ak chwa yo avan w achte asirans la.
- Asire w resevwa epi revize bòdwo detaye yo pou tout sèvis yo.
- Verifye ak Depatman Sèvis Finansye yo pou w verifye w ap travay ak yon ajan epi yon konpayi asirans ki gen lisans.
- Pwoteje nimewo idantifikasyon asirans ou an menm jan w ta fè sa pou nimewo kat kredi w.

PA JANM


- Ekri yon chèk prim nan non yon ajan. Ou ta dwe ekri chèk yo sou non konpayi oswa ajans asirans la.



Oktòb 2020

FWOD ASIRANS

BIWO
 FWOD ASIRANS



RAPÒTE FWOD
 RELE NAN 1-800-378-0445
 Depatman Sèvis Finansye

Aprann ki fason pou w **LITE** Kont Fwod

Biwo Fwod Asirans lan se òganizasyon ki la pou fè aplike lalwa k ap fonksyone nan Depatman Sèvis Finansye, Divizyon Sèvis Ankèt ak Jiridik. Biwo an la pou mennen ankèt sou zak kriminel fwod asirans yo sispèk sitwayen, ajans asirans, konpayi asirans fè. Li se yon lidè nasyonal nan zafè lite kont fwod asirans, yo toujou nan senk (5) meyè yo pou tout biwo ak sèvis fwod Eta yo.

Ede Biwo an lite kont fwod pandan w ap fòme tèt ou lè w ap li piblikasyon ak resous nou yo. Ou kapab ede tou lè w ap rapòte fwod asirans ki sispèk lè w ranpli fòm modèl aplikasyon nou an oswa lè w rele Liy Dirèk pou Fwod DFS la nan (1-800-378-0445).

Pa gen fwod asirans san viktim. Nan peyi Etazini, yo estime yo depanse \$80 milya dola ameriken oswa plis chak ane nan fwod asirans, epi se kliyan an podyab ki oblije peye pou li. Kowalisyon Kont Fwod Asirans (Coalition Against Insurance Fraud, CAIF) estime chak fanmi depanse \$950 chak ane pou fwod sa a.

Vòl Idantite

Moun k ap vòl idantite jwenn enfòmasyon pèsònèl ou yo; tankou nimewo Sekirite Sosyal ou, kat kredi w epi enfòmasyon bankè pou yo louvri kont, jwenn kredi pou achte machin, epi yon pakèt lòt bagay ankò sou non w. Menm si w pa pèdi lajan vreman, ou gendwa gen difikilte ak fristrasyon paske yo ba w pwoblèm ak kredi w.

DEFANN TÈT OU!

- Pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou!
- Fè atansyon lè w ap bay nimewo Sekirite Sosyal bay nenpòt moun. Si yon moun mande w Nimewo Sekirite Sosyal ou pou konfigire oswa verifye yon kont, mande li si w pa ka bay nenpòt lòt pyès idantite pito.
- Dechire aplikasyon kat kredi w pa bezwen yo, resi tranzaksyon oswa lòt dokiman ki gen enfòmasyon pèsònèl ou ladan li.
- Pwoteje kat kredi ou. Eseye pou w pa kite kat kredi w kote w pa ka wè li. Lè w pa ka evite sa, tankou lè w ale manje deyò, itilize lajan kach pito.
- Chak jou tcheke bwat mesaj ou. Lè w an vwayaj, fè biwo lapòs lan kenbe lèt ou yo pou ou oswa mande yon zanmi w fè konfyans pou li pran yo pou ou.

Fwod Antite ki pa gen Lisans

Antite ki pa gen lisans yo se konpayi ki pa gen lisans pou vann asirans nan Florida. Pifò se magouyè k ap bay moun gwo kou yo ye. Pi bon chwa a se fè zafè sèlman ak konpayi epi ajan ki gen lisans pou sa.

DEFANN TÈT OU!

- Verifye avan w achte. Rele Liy Dirèk pou Kliyan Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) la nan 1-877-MY-FL-CFO (1-877-693-5236) oswa www.MyFloridaCFO.com pou w konnen si yon konpayi owa yon ajan asirans gen lisans.
- Verifye kantite plent yon konpayi oswa yon ajan genyen pandan w ap rele Liy Asistans pou Kliyan an.
- Si w sispèk yon fwod asirans, rele Liy Dirèk Fwod DFS la nan 1-800-378-0445. Ou kapab elijib pou yon rekonsans jiska \$25 000 dola ameriken.

Fwod Konpansasyon Travayè

Asirans kont aksidan travay yo kouvri depans medikal yo ak pèt salè si w blese nan travay la oswa tonbe malad akòz kondisyon nan travay la. Anplwaye k ap bay manti sou aksidan travay yo, pa rapòte yon dezyèm revni oswa pran reta pou yo retounen travay fè yon fwod. Fwod prim yo gen ladan yo bay manti sou kantite lajan w ap touche pou diminye prim yo.

DEFANN TÈT OU!

- Ou dwe onèt. Se yon krim li ye pou w deklare bagay ki pa verite, k ap twonpe nan objektif pou w jwenn oswa refize avantaj.
- Si w wè abi, rapòte li - tout moun ap peye pou fwod konpansasyon travayè lè prim yo ogmante epi avantaj yo bese.
- Si w sispèk yon fwod, rele Liy Dirèk Fwod DFS la nan 1-800-378-0445. Ou kapab elijib pou yon rekonsans jiska \$25 000 dola ameriken.

Fwod Machin

Asirans pèsònèl kont chòk (Personal injury protections, PIP) se pwoteksyon asirans machin ki peye pou aksidan pèsònèl ou ak lòt depans ki limite, kèlkeswa moun ki gen tò nan yon aksidan. Sistèm fwod ki pi kouran yo gen ladan li fè eksprè pou fè yon aksidan ki pa grav, après depoze yon fo reklamasyon nan yon klinik ki pa gen repitasyon, oswa travay ak yon doktè malonèt ki ranpli reklamasyon pou chòk ki gen fwod pou pwosedi li pa te janm fè.

DEFANN TÈT OU!

- Kondui avèk pridans epi pran tout prekosyon pou w evite aksidan.
- Si w fè yon aksidan, rale yon telefòn oswa lòt kamera fè foto kòm prèv domaj.
- Make konbyen moun ki te nan machin lan, ikonpri non yo, adrès yo, telefòn yo ak nimewo lisans chofè yo, ak nimewo plak machin lan.
- Verifye yo rele lapolis epi mande yon rapò ekri.
- Si yon moun ap ba w presyon pou w ale nan yon lopital, kay yon doktè, yon kiwopraktè oubyen yon avoka ou pa konnen, oswa si w panse gen yon zak ki fèt, rele Liy Dirèk Fwod DFS la nan 1-800-378-0445. Ou kapab elijib pou yon rekonsans jiska \$25 000 dola ameriken.



Ou kapab jwenn bwochi PDF sa pou w telechaje sou sit entènèt pou fasilite w nan:
www.MyFloridaCFO.com/Division/DIFS/resources

**ÈSKE OU BOUKE AK PRI ASIRANS OU YO?
BESE YO**

POTE PLENT POU FWOD ASIRANS!

Ou kapab kalifye pou yon REKONPANS 1-800-378-0445

Depatman Sèvis Finansye

FOAA

